

KI KOTE MWEN KAPAB RESEVWA SWEN SANTE?

Konsantre sou Imigran yo

Asirans Sante

Si ou gen kat asirans sante l ap pèmèt ou ale nan klinik doktè, klinik espesyalis, lopital. Ou kapab resevwa medikaman tou.

Anpil moun k ap viv nan Rhode Island, ki pa touche ase revni epi ki pa sitwayen ameriken ka kalifye pou asirans sante gratis avèk pwogram Medicaid.

Si revni ou depase limit revni pou kalifye pou Medicaid, oswa si ou pa kapab enskri nan Medicaid akòz sityasyon ou, ou ka kalifye pou achte pwoteksyon pou pri ki ba avèk HealthSource RI (HSRI).

Tablo sa a bay yon apèsi jeneral sou kalifikasyon imigran pou pwoteksyon avèk Medicaid oswa pou pwoteksyon avèk HSRI.

Apèsi sou Kalifikasyon Imigran pou Asirans Sante Bon Mache

Ou dwe Satisfè Kondisyon dapre Revni ak Lòt Kondisyon pou Kalifye

Kategori Imigrasyon	Rite Care/Medicaid			HealthSource RI Achte pwoteksyon asirans Kredi fiskal nan peman asirans lan pa mwa
	Timoun Ki poko gen laj 19 ane	Fanm Ansent	Adilt Selibatè/Paran/ Moun Andikape Granmoun Aje	Timoun, Paran Fanm Ansent, Adilt Selibatè
Rezidan Pèmanan Legal* ("grinkat")	Wi	Wi	<ul style="list-style-type: none"> Aprè 5 ane nan sityasyon oswa Ou Te Antre nan Etazini anvan 22 out 1996 oswa Veteran militè ki nan sèvis aktif ak madanm/mari yo ak timoun ki pa marye 	Wi
Refijye, Moun yo bay Azil Politik, Viktim Trafik, sèten viktim nan vyolans yon patnè fè sou yo, manm fanmi oswa etranje; lòt moun	Wi	Wi	Wi	Wi
Moun ki prezan legalman**	Wi	Wi	Non	Wi
San papyè	Non	Wi	Non	Non

*Lè ou resevwa Medicaid oswa kredi fiskal sa pa afekte dwa ou pou vin yon sitwayen ameriken

**Moun ki prezan legalman pa gen yon estati pèmanan, men gen pèmisyon pou viv nan Etazini. Kèk nan moun sa yo se moun ki gen Estati Pwoteksyon Pwovizwa (ki soti nan Èl Salvadò, Ayiti, Ondiras,, Nikaragwa, Somali, Soudan, Soudan-di-Sid ak Siri) ak Moun ki sou Depòtasyon Fòse ki Ranvwaye(Liberya). Moun ki resevwa DACA pa fè pati nan kategori sa a.

Limit revni pou kalifye pou Medicaid diferan pou popilasyon diferan yo, ki kòmanse depi plis pase de fwa nivo povrete; sèlman anlè nivo povrete pou paran yo ak adilt selibatè yo; epi nan nivo povrete a pou granmoun aje yo ak moun andikape yo. Limit revni pou resevwa èd pou peye pou pwoteksyon asirans avèk HSRI se kat fwa nivo povrete a. Pou jwenn plis enfòmasyon sou nivo revni yo, ale sou sitwèb: www.economicprogressri.org/immigrant-issues.

Si tout moun ki nan fanmi ou pa sitwayen ameriken oswa imigran kalifye: Nan kèk fanmi, timoun yo se sitwayen ameriken epi paran yo pa gen papyè imigrasyon oswa yo pa gen yon kondisyon legal. Nan sityasyon sa a, paran an kapab aplike pou timoun yo epi li pa bezwen bay okenn enfòmasyon ki konsène li (sof revni.) Nou pral itilize enfòmasyon nou bay nan aplikasyon an sèlman pou pran desizyon sou kalifikasyon nou epi n ap kenbe yo konfidansyèl.

Fason pou Aplike pou Medicaid ak HSRI: Ou kapab rankontre avèk yon Gid nan kominote ou ki kapab ede ou ranpli fòm aplikasyon an sou entènèt. Gid la kapab reponn nenpòt kesyon ou ka genyen tou. Ou kapab jwenn yon Gid depi ou rele 211. Anpil nan Gid yo pale lang ki pa Anglè. Ou kapab aplike nan Sant Kontak HSRI Contact Center, lendi – vandredi, ant 8am ak 6pm nan adrès 401 Wampanoag Trail, East Providence oswa aplike nan telefòn nan nimewo: 1-855-840-4774. Mande pou jwenn yon entèprèt si ou bezwen youn.

Swen Sante Gratis oswa pou pri ki Ba Si Ou Pa Gen Asirans Sante

Si ou gen yon doktè pou ou kapab ale nan klinik li pou fè tchekòp chak ane oswa pou ou kapab wè doktè a lè ou malad, sa enpòtan pou kenbe ou an bon sante.

Si ou pa gen asirans sante, gen anpil kote pou ale pou resevwa swen sante. Pwofesyonèl swen sante sa yo ap ede ou kèlkeswa sityasyon imigrasyon ou menmsi yo ka poze ou kesyon sou sityasyon ou pou ede detèmine si ou ta ka kalifye pou Medicaid. Pwofesyonèl swen sante yo ap kenbe enfòmasyon ou yo konfidansyèl. Tout pwofesyonèl swen sante yo gen kip ki pale lang Panyòl ak lòt lang.

- **Sant Sante Kominotè yo:** Gen 29 lokal sant sante kominotè tout kote nan eta a ki bay swen sante konplè pou manm yo. Ka gen yon rete-tann nan kèk lokal pou vin yon manm sant sante a epi selon revni ou, yo ka mande ou peye yon ti frè. Sityasyon imigrasyon ou pa enpòtan, y ap resevwa tout moun. Pou jwenn plis enfòmasyon oswa pou jwenn sant sante ki pi pre ou, rele nimewo: 401-274-1771. www.rihca.org
- **Klinik Gratis Rhode Island:** Yon "boutik medikal tout sèvis sante" ki bay sèvis konplè gratis pou adilt yo. Rele pou pran yon randevou konsènan kalifikasyon ou nan nimewo: 401-274-6347 oswa ale nan klinik lan nan adrès 655 Broad Street in Providence. Sityasyon imigrasyon ou pa enpòtan, y ap resevwa tout moun. www.rifreeclinic.org
- **Clinica Esperanza-Hope Clinic:** Bay sèvis swen sante prensipal pou adilt yo. Rele 401-347-9093 oswa ale nan klinik lan nan Providence pou pran yon randevou. Sityasyon imigrasyon ou pa enpòtan, y ap resevwa tout moun. www.aplacetobehealthy.org/

Medikaman Gratis oswa pou pri ki Ba Si Ou Pa Gen Asirans Sante

Konpayi ki fè medikaman yo ka gen pwogram ki ede ou peye pou tout frè medikaman ou yo oswa pou yon pati nan frè a. Ou kapab jwenn enfòmasyon konsènan èd pou medikaman ou pran yo ak sou fason pou aplike nan "NeedyMeds." www.needymeds.org

Swen Sante nan Lopital Si Ou Pa Gen Asirans

- **Medicaid:** Si ou bezwen resevwa sèvis pou ijans nan yon lopital, epi ou pa kalifye pou enskri nan Medicaid kòm yon manm konplè akòz sityasyon imigrasyon ou, ou ka kalifye pou mande Medicaid pou peye bòdwo lopital ou. Lopital la ap ede ou ranpli yon fòm aplikasyon pou pwoteksyon limite sa a avèk Medicaid
- **Swen Sante pou Charite:** Chak lopital ki nan Rhode Island gen yon "pwogram swen sante pou charite." Lopital la ka kouvri tout bòdwo ou oswa yon pati ladan si ou pa gen mwayen pou peye. Limit revni an se 200%nivo federal povrete federal poverty level, FPL) ki konsidere kantite moun ki nan fanmi ou pou tout pwoteksyon an epi jiska 300%FPL pou yon pati nan pwoteksyon an. Kèk lopital ka mande ou tou si ou gen kont labank ak lòt resous. Pwoteksyon sa a disponib kèlkeswa sityasyon imigrasyon ou.

Lopital la dwe afiche règ li yo konsènan fason pou kalifye pou swen sante pou charite li ak fason pou aplike pou pwoteksyon an. Ou kapab mane yon fòm aplikasyon nan biwo biznis lopital la. Ou kapab depoze yon plent ki konsène swen sante pou charite depi ou rele Liy Enfòmasyon Sante nan nimewo 401-222-5960 /RI relè 711.

Si Ou Gen Pwoblèm pou Jwenn Asirans Sante

Si ou gen pwoblèm pou jwenn oswa pou konsève pwoteksyon nan Medicaid oswa nan HSRI, ou kapab rele youn nan ajans sa yo. Toulède ajans yo gen ekip ki pale lang Panyòl epi y ap bay entèprèt pou lòt lang yo.

- **RIREACH** pou èd avèk pwoteksyon Medicaid, HSRI, oswa swen sante pou charite nan lopital: 401-270-0101
- **RI LEGAL SERVICES** pou èd avèk Medicaid. 401-274-2652

se Economic Progress Institute, www.economicprogressri.org, ak Rhode Island Immigrant Coalition ki prepare dokiman sa a avèk finansman Depatman Sante Rhode Island gras ak Kresge Foundation Emerging Leaders in Public Health Initiative. Out 2019.